

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra nya éta prosés kréatip manusa anu ngandung unsur-unsur éstétis, ogé mibanda ajén-ajén kahirupan anu luhung. Hal éta luyu jeung pamadegan Rusyana (1992, kc. 7-8), anu nétélakeun yén sastra mangrupa kagiatan kréatip, kagiatan nyipta, jeung kagiatan seni. Dina karya sastra, pangarang ngolah unsur-unsur éstétis ngagunakeun basa salaku media pikeun ngébréhkeun rasa (Nurlaily, 2018, kc. 146).

Sastra téh mangrupa “gejala sosial” (Luxemburg, 1984, kc. 23), hartina sastra ditulis dina période anu tangtu, pakait jeung norma adat istiadat jaman harita sarta pangarang sastra mangrupa bagéan ti hiji masarakat atawa ilubiung minangka anggota masarakat éta.

Nurutkeun Koswara (2010, kc. 2) période gelarna sastra Sunda dibagi dua, nya éta sastra buhun jeung modérn. Genré sastra buhun diantarana aya wawacan, guguritan, mantra, sisindiran, kakawihan, jeung carita pantun. Sedengkeun genré sastra modérn nya éta novel, carpon, sajak, jeung drama. Disawang tina wangunna, karya sastra dibagi kana tilu wangun, nya éta prosa, puisi, jeung carita drama.

Luyu jeung pedaran di luhur, drama kaasup salasahiji jenis sastra. Drama nya éta karangan sastra nu midangkeun carita dina wangun dialog. Ieu hal luyu jeung pamadegan Isnendes (2010, kc. 21) anu nétélakeun yén drama nya éta karangan nu magelarkeun carita atawa lalakon dina wangun dialog, ajangkeuneun dilakonkeun ku aktor dina pagelaran drama. Salasahiji garapan sastra dina wangun drama nya éta naskahna, anu jadi babon pikeun aktor di luhur panggung.

Teu réa pangarang nu sok nulis naskah drama, leuwih loba nu sok nulis novel, carpon, atawa sajak tibatan naskah drama. Malahan panalungtik anu ngajadikeun naskah drama salaku objek panalungtikan kaasup langka.

Naskah drama miboga struktur anu béda, nya éta ayana paguneman. Lian ti éta, drama ogé miboga unsur plot jeung karakter sakumaha anu aya dina karya

Farhan Mustaqim, 2019

**NASKAH DRAMA HUTBAH MUNGgaran DI PAJAJARAN KARYA YUS RUSYANA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN DI SMA/SMK/MA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SEMIOTIK)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.edu | perpustakaan.upi.edu

fiksi. Tapi dina prosés ngamangpaatkeun basa, naskah drama karasa lengkep pungsina saupama geus dipintonkeun, sabab bisa katempo gerak, posisi, isarat, jeung pasemon saupama geus diperankeun ku aktor di luhur panggung. Sangkan aktor bisa mintonkeun drama kalawan hadé, tangtu aktor kudu maham kana ma'na-ma'na anu nyangkaruk dina éta naskah. Pikeun nyangking ma'na-ma'na tina hiji naskah drama, perlu diteuleuman deui unsur kaéndahanana sabab unsur éstétis nu dilarapkeunana mangrupa tanda-tanda. Élmun geunaan tanda disebut semiotik. Charles Sander Peirce, nétélakeun yén urang bisa mikir lantaran maké sarana tanda, saupama euweuh tanda urang moal bisa komunikasi (Sudjiman & Zoest, 1991, kc. 7). Tanda aya dimana-mana: kecap nya éta tanda, kitu ogé gerak isyarat, lampu patalimarga, bandera, jeung sajabana. Struktur pélem, struktur karya sastra, bangunan atawa sora manuk dianggap tanda. Sakabéh hal bisa jadi tanda. Ieu luyu jeung pamadegan Barthes (dina Isnendes, 2010, kc. 39-40), anu nétélakeun yén sémiotik téh nya éta élmu anu nalungtik sagala sistém tanda, naon waé jeung watesanana: gerak, sora, musik, objék, jeung atawa *asosiasi kompleks* antara sakabéh éta.

Sawatara naskah drama ditulis pikeun dipidangkeun. Salasahijina nya éta naskah drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran” karya Yus Rusyana. Ieu naskah nyaritakeun sumebarna agama Islam di Pajajaran, pangpangna sabada Kéan Santang mulang ti tanah sebrang. Naskah drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran” kungsi dipidangkeun di Grha Sanusi Hardjadinata Universitas Padjadjaran dina raraga Rumawat Padjadjaran ka-79 taun 2018.

Dumasar pedaran-pedaran di luhur nu jadi kasang tukang dipilihna naskah drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran” jadi objek panalungtikan, lantaran ieu naskah téh mangrupa naskah karya salasahiji inohong Sunda nya éta Yus Rusyana

Dina Naskah Drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran” basa anu dipaké nyaluyukeun jeung kaayaan jaman harita, masih dipakéna kekecapan sabangsaning “kula” pikeun gaganti sesebutan keur sorangan sarta “andika” pikeun gaganti sesebutan keur lawan ngomong, sanajan kitu basa dina ieu naskah masih bisa dipikaharti ku jalma réa. Sanajan naskah drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran” ditulisna leuwih ti satengah abad ka tukang, ari eusi-eusina mah bisa

dilarapkeun dina kakiwarian, lantaran lain sakur nyaritakeun soal sajarah atawa babad, tapi nyaritakeun tabéat-tabéat manusa nu terus nembongan dina unggal jaman. Aya pihak nu kalawan iklas tur sadrah hayang nanjeurkeun ageman Islam jeung aya pihak nu ngamanpaatkeun agama keur kapentingan dirina, ieu hal narémbongan dina situasi pulitik di ieu nagara.

Ajén atikan anu aya dina karya sastra mangrupa salasahiji hal penting dina kagiatan pangajaran. Naskah drama méré pangaweruh leuwih jero ka siswa dina neuleuman drama. Carita drama bisa dijadikeun eunteung dina ngalakonan kahirupan.

Aya hal anu perlu diperhatikeun dina milih bahan pangajaran pikeun dijadikeun objék dina kagiatan pangajaran. Bahan pangajaran kudu saluyu jeung kamampuh siswa, lantaran dipiharep bisa méré kontribusi dina nyangkem ajén-inajén anu luhung anu nyampak dina naskah drama. Naskah Drama anu miboga struktural-sémiotik jeung ajén atikan anu luhung luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran.

Tina déskripsi di luhur aya sababaraha panalungtikan ngeunaan karya sastra genre drama, nya éta: (1) Analisis Naskah Drama “Pajaratan Cinta” Karya Dhipa Galuh Purba (Tilikan Struktural & Stilistika) ku Nenden Popi Nurasyiah taun 2014, ieu panalungtikan téh ngadéskrripsikeun gaya basa anu aya dina naskah drama “Pajaratan Cinta”; (2) Naskah Longsér Karya Hidayat R. Suryalaga Pikeun Bahan Pangajaran (Tilikan Struktural-Sémiotik) ku Arif Firmansyah taun 2013, ieu panalungtikan medar unsur-unsur semiotik anu nyampak dina naskah drama; (3) Ajén Moral dina Naskah Drama Pundén-pundén nu Rarempag karya R. Hidayat Suryalaga ku Dwi Zahra Fitriani taun 2013, ieu panalungtikan ngadéskrripsikeun ajén moral anu aya dina naskah drama “Pundén-pundén anu Rarempag”; (4) Analisis Sémiotik Naskah Drama *Sadrah* Karya Nazarudin Azhar ku Yokeu Darisman taun 2015, ieu panalungtikan medar ngeunaan tanda-tanda anu nyangkaruk dina naskah “Sadrah”.

Ku kituna, nilik kana sababaraha panalungtikan di luhur panalungtik kataji pisan pikeun nalungtik budaya ngaliwatan kajian structural jeung semiotik, sarta bahan pangajaran drama anu dihususkeun kana naskah-naskah drama. Kalawan judul panalungtikan, “Naskah Drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran Karya Yus Rusyana pikeun Bahan Pangajaran Maca Naskah Drama di SMA/SMK/MA (Ulukan Struktural jeung Semiotik)”.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, identifikasi masalah dina ieu panalungtikan, nya éta: hal-hal anu aya patalina jeung struktur carita drama nya éta: 1) téma; 2) fakta carita (tokoh, sétting, alur); jeung 3) sarana sastra (puseur implengan, gaya basa), jeung unsur karangan drama nya éta: 1) prolog; 2) dialog; 3) pemababakan adegan; 4) wawancang; 5) solilokui; 6) aside; jeung 7) épilog salian ti éta pikeun maham ma’na anu nyangkaruk dina naskah anu klasifikasina nya éta: 1) ikon; 2) indéks; jeung 3) simbol.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana identifikasi masalah di luhur, rumusan masalahna diwangun ku kalimah tanya saperti ieu di handap.

- a. Kumaha struktur carita drama anu aya dina naskah “Hutbah Munggaran di Pajajaran”?
- b. Kumaha unsur karangan drama anu aya dina naskah “Hutbah Munggaran di Pajajaran”?
- c. Naon ma’na anu nyangkaruk tina naskah “Hutbah Munggaran di Pajajaran”?
- d. Naha ieu hasil panalungtikan téh bisa dilarapkeun pikeun bahan pangajaran maca naskah “Hutbah Munggaran di Pajajaran” di SMA/SMK/MA?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan ieu panalungtikan, dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus, anu dipedar saperti ieu di handap.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Pikeun ngadéskripsikeun karya sastra, hususna naskah drama dumasar kana struktur pangwanguna anu satuluyna diulik sacara sémiotik sarta kumaha bahan pangajaranana di SMA/SMK/MA.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan, nya éta ngadéskripsikeun:

- a) struktur carita drama anu aya dina naskah drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran” karya Yus Rusyana;
- b) unsur karangan drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran”;
- c) ma’na anu nyangkaruk dina naskah drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran”;
- d) bahan pangajaran maké bahan naskah drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran” pikeun bahan ajar maca naskah drama di SMA/SMK/MA.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua bagian, nya éta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

### 1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan pikeun ngawewegan téori saméméhna tur ngamekarkeun pangajaran basa Sunda di Sakola, anu saluyu jeung Kompéténsi Inti jeung Kompéténsi Dasar (KIKD) basa Sunda.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat anu dipiharep dina ieu panalungtikan sacara praktis, nya éta:

- a) pikeun pamaréntah dina widang atikan, ieu panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan pikeun milih bahan ajar anu saluyu jeung pangajaran di sakola;
- b) pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi tur ngeuyeuban bahan ajar anu saluyu jeung pangajaran di sakola;
- c) pikeun siswa, bisa dijadikeun sumber diajar tur méré pamarekan nu leuwih ngeunaan pangajaran drama;
- d) pikeun panalungtik, méré gambaran ngeunaan Ulikan Struktural jeung Sémiotik Naskah drama Karya Yus Rusyana pikeun Bahan Pangajaran Maca Naskah Drama di SMA/SMK/MA.

## **1.5 Raraga Tulisan**

Struktur organisasi ieu panalungtikan diébréhkeun dina wangun saperti di handap.

### **BAB I BUBUKA**

Dina bab bubuka diwangun ku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, anggapan dasar, mangpaat panalungtikan jeung struktur organisasi tésis.

### **BAB II DRAMA, STRUKTURAL-SÉMIOTIK, JEUNG BAHAN PANGAJARAN.**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan déskripsi tina téori-téori drama, téori ngeunaan struktur drama jeung téori struktural sémiotik jeung bahan pangajaranana.

### **BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Ieu bab medar ngeunaan métode panalungtikan, desain panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung analisis data.

### **BAB IV ULIKAN STRUKTURAL-SEMIOTIK DINA NASKAH DRAMA KARYA YUS RUSYANA SARTA BAHAN PANGAJARANANA DI SMA/SMK/MA**

Ieu bab mangrupa puseur tina panalungtikan, nya éta ngadéskripsikeun hasil panalungtikan, ngagunakeun ulikan struktural-sémiotik, sarta bahan pangajaranana di SMA/SMK/MA tina naskah karya Yus Rusyana anu judulna “Hutbah Munggaran di Pajajaran”.

## **BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN**

Bab ieu, bab pamungkas dina ieu panalungtikan. Panalungtik miboga tarékah pikeun nyindekkeun hasil tina panalungtikanna, anu satuluyna aya saran salaku média pikeun ngaronjatkeun sastra Sunda hususna tina naskah drama anu digunakeun dina kagiatan pangajaran.